CIVIC ACTION TEAMS

# Nepal Coronavirus CivActs Campaign

अंक #७८

०८।८।२०७७

**Coronavirus CivActs Campaign (CCC)** सँ सरकार, सञ्चार माध्यम, संघसंस्था आ आम नागरिक बिचक सूचनाके दुरी कम कएक देशभैरसं संकलन कएलगेल हल्ला, नागरिकक जिज्ञासा आ प्रश्नसभ संकलन कए तथ्य पता लगाएक आम नागरिकके सूचित करैत अछि । एहिसं आम नागरिकक आवश्यकताके पहिचान करवाक साथे हल्लासभहक कोनो नकारात्मक असर पहुचावस पहिलेहि सान्दर्भिक तथ्य आम नागरिक सभमे प्रवाह कए जोखिम न्युनिकरण करैत अछि ।

## कोभिड - १९ सम्बन्धी किछ नयाँ निर्णय तथा प्रावधानसभ

१. विदेश जायवलाके हकमे कोभिड - १९ परीक्षण नेपाल सरकारके "क" श्रेणीके प्रयोगशालासँ मात्र हेतै आ तेहन व्यक्तिके पहिचानके लेल बायोमेट्रिक या ओही किसिमके आरो प्रणाली लागु कर पड़त ।

२. परीक्षणके लेल नमुना देबवला व्यक्तिसभके नेपाल सरकार सँ जारी परिचय पत्र अनिवार्य रुपसँ देखक मात्रे परिक्षण कर पड़त ।

३. विदेशसँ स्थलमार्ग या हवाईमार्ग होइत नेपाल आबवला सबके हकमे अखनके बाद अनिवार्य १४ दिन क्वारेन्टाईनमे राख आ तै अवधीमे लक्षण देखेलापर मात्रे परिक्षण कर पड़तै ।

४. कोभिड - १९ के पिसिआर परीक्षण करवला सब प्रयोगशालासभके कोभिड - १९ परीक्षण कर लेलगेल सब नमूनासभ नेगेटिभ के हकमे १ महिना तक आ पोजेटिभके हकमे ३ महिना तक भण्डारण कलक राख पड़त ।

५. कोभिड - १९ के परीक्षणके क्रममे पोजेटिभ या नेगेटिभ रिपोर्ट देल जाईत छलै त आब सँ अनिर्णायक रिपोर्ट एलै त ओई रिपोर्ट एलै तैयो ओई रिपोर्टके पोजेटिभ मानल जेतै ।

स्रोत: https://cutt.ly/chtGxG2

## नेपाल अपडेट



कोरोना संकटके बावजुद नेपालगञ्जमे धारा म्यारथन सम्पन्न भेल छै ।

चित्र: लोक बहादुर घर्ती

### परिक्षण

पिसिआर परिक्षण: १६,७०,४५६
पोजेटिभ: २,२२,२८८
उपचाररत: १८,८८४
मृत्यु : १३३७
सन्चो भएका : २,०२,०६७






Source: https://covid19.mohp.gov.np/#/

# हल्ला र तथ्य



विदेशमे आम माफी भेटल व्यक्ति नेपाल आबला लागवला खर्च सब सरकार करतै ?

श्रम स्वीकृतिके अवधी भितर हिरासतमे रहल अवस्थामे आम माफी पाबीक स्वदेश फिर्ती केन्द्रमे रहल कामदारके लेल लागबला हवाई टिकट खर्चके शतप्रतिशत रकम सरकार वैदेशिक रोजगार कल्याणकारी कोषसँ बहन करत । तै सँ बाहेक आम माफीमे परल नेपालीके स्वदेश फिर्ता आबमे लागबला खर्चके व्यवस्था अपने कर पड्त ।

स्रोत: https://cutt.ly/nhtcnQB



व्यवसायिक कर्जा प्रवाह करत कहिक समाचार आबिरहल छै । ई कर्जा लेकिन केकरा भेटतै ?

कोभिड - १९ सँ प्रभावित घरेलु, छोट तथा मध्यम  उद्यम एवं पर्यटन व्यवसायके श्रमिक आ कर्मचारीके पारिश्रमिक भुक्तानी तथा व्यवसाय सञ्चालन निरन्तरताके लेल सरकार न्युन ब्याजदरमे कर्जा प्रवाह करतै । अईके लेल २०७७ अगहन १० गतेसँ कर्जा प्रवाहके लेल आवेदनके लेल सूचना प्रकाशन करके निर्णय केने छै ।

स्रोत: https://mof.gov.np/uploads/news/file/Press%20Release_20201120113704.pdf



सरकारके कहल मुताबिक तलब भत्ता नै देलाके कारण कोभिड - १९ के रोकथाम, नियन्त्रण आ ईलाजमे खटल कर्मचारी आरो जगह बदली कराबके मांग बढ्ल छै ?

कोभिडके अवधिभैर रमाना नै दऽ ओही अस्पतालमे कामकाज लगेनाई, अईसँ पहिले कोभिड - १९ के रोकथाम, नियन्त्रण आ ईलाजके लेल कामकाज कर खटाएलगेल कर्मचारीके पूर्ववत कामकाजमे लगाब आ हुनकासभके तलब भत्ता भुक्तानी सब प्रदेशके मुख्यमन्त्री तथा मन्त्रिपरिषदके कार्यालय आ सब स्थानीय तहके स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालय  परिपत्र जारी केने छै ।

स्रोत: https://mohp.gov.np/attachments/article/647/convert-jpg-to-pdf.net_2020-11-22_10-06-01.pdf



अखन राजधानीके पार्टी प्यालेससभ निर्वाध चलिरहल देखाईत  छै । कि सरकार अनुमती दऽदेने छै ?

नेपाल सरकार मन्त्रिपरिषदके विभिन्न मितिमे भेल निर्णय अनुसार अखनके लेल पार्टी प्यालेस जेहन भीडभाडजन्य गतिविधि होबवला जगहसभ सञ्चालनमे रोक लगायल गेल छै । निर्णय विपरित तेहन गतिविधि भऽरहल देखमे एला सँ ओहन निषेधित काम नै कर/कराब प्रशासन कार्यालय सबके आग्रह केने छै । तेहन निषेधित काज करहल या कराहल भेटलापर संक्रामक रोग ऐन आ स्थानीय प्रशासन ऐन अनुसार कारवाही हेतै सेहो जनाओलगेल छै ।

स्रोत: https://daokathmandu.moha.gov.np/public/upload/

WhatsApp मार्फत हमरासभके विषयमे नियमित ताजा जानकारी पाब

१. आहाके कन्ट्याक्ट लिस्टमे +2760806146 एड करु
२. उपरका कन्ट्याक्ट नम्बरमे Nepal लिखक म्यासेज पठाउ




COVID-19
को बारेमा बुझ्न नि:शुल्क हटलाईन
viamo द्वारा प्रस्तुत

कोभिड - १९ सम्बन्धि मंगानियेमे जानकारी लेबके लेल आहाके NTC सिमकार्ड सँ
३२१०० मे डायल करु

accountabilitylab NEPAL

# Open Migration

## मुख्य गन्तव्य राष्ट्रमा रहेका नेपाली कामदार

| | साउदी अरव | कुवेत | बहराईन | कतार | युएई | ओमान | मलेसिया | दक्षिण कोरिया |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| नेपाली | ३,३४,४५१ | ७१,१९३ | २६,००० | ४,०६,९१७ | २,२४,९०५ | १७,०५७ | ५००,००० | ३८,८६२ |
| संक्रमित | ३,५५,२५८ | १,४०,०५६ | ८५,७०५ | १,३७,२२९ | १,५८,९९० | १,२२,०८१ | ५४,७७५ | ३१,००४ |
| नेपाली संक्रमित | ५,१५० | २,१०० | ४५१ | २६,५०० | ३,३५० | ३०० | ८१ | २७ |
| मृत्यु भएका नेपाली | ८३ | १२ | ३ | १८ | ६९ | १ | | |



- गन्तव्य राष्ट्रमा संक्रमित नेपाली
- गन्तव्य राष्ट्रमा नेपाली जनसंख्या
- गन्तव्य राष्ट्रमा संक्रमित जनसंख्या
- गन्तव्य राष्ट्रमा मृत्यु भएका नेपाली

स्रोत: https://coronavirus.jhu.edu/map.html
https://www.covid19.nrna.org.np/
https://publications.iom.int/system/files/pdf/mp_nepal_2019.pdf

**ShramikSanjal**

## साउदी अरबमे पासपोर्ट नविकरण कर अस्थायी कार्यालय स्थापना हेतै

साउदी अरबमे रहिरहल आ पासपोर्ट नविकरण करपड़बला श्रमिकसभके लेल रियादमे रहल नेपाली दुतावासतक आबमे दूर भेलासँ सहजताके लेल रियाद सँ दूर रहल जगहमे शिविर सञ्चालन हेतै कहलगेल छै ।

**अस्थायी कार्यालय स्थापना होबवला शहर आ कार्यालय सञ्चालन होबवला मिति :**

१. दमाम: ४ डिसेम्बर २०२०, शुक्रदिन

२. जुवेल: ११ डिसेम्बर २०२०, शुक्रदिन




*अस्थायी कार्यालय राखवला जगह आ समय बादमे जानकारी कराएल जेतै ।*

- ई जगहसभपर फोटो खिचनाई, औंठा छाप, हस्ताक्षर ईति संकलनक कएलजेतै ।
- राहदानी नविकरणके लेल अनलाइन फाराम भर बाँकी रहलसभके अपने या अपन साथीभाईके सहयोगमे https://forms.gle/pryfMdChxs2QHCPi6 लिंकसँ यथाशीघ्र अनलाइन फाराम भैरक पठाएब ।
- राहदानी नविकरण दस्तुर २०० रियाल आ हराएलके या पुरान भलक बिगड़लके ४०० रियाल । हराएले हकमे अपन प्रहरी रिपोर्ट, कम्पनीके चिठ्ठी, पुरान पासपोर्टके प्रतिलिपी लगाएतके कागजात ललक उपस्थित होएब ।

**www.facebook.com/shramik.sanjal** सँ आँहा प्रत्येक रविदिन, बुधदिन आ शुक्रदिन साँझमे युएई समय (8:00 PM), Qatar, KSA, Kuwait (7:00 PM) Malaysia (12 Midnight) मे हमरासभके प्रत्य देख सुन सकैत छी ।

# $ फलो द मनी - खर्चको अर्थ

## २०७७ साल श्रावण मसान्त सम्म कोभिड - १९ को सन्दर्भमा भएको जम्मा खर्च

**१३ अर्ब ३७ करोड**




## संघिय सरकारमा भएको खर्च शिर्षक

औषधी तथा स्वास्थ्य उपकरण
रु. १,७५,५२,४०,०००

स्वास्थ्य बीमा
रु. २,९३,८८,९६,०००

मानव स्रोत साधन परिचालन
रु. ५,७४,४३,०००

क्वारेन्टाईन व्यवस्थापन
रु. ४,६९,४६,०००

अन्य
रु. १,२४,७३,०००

## प्रदेश सरकारले गरेको खर्च

रकम निकासा

खर्च भएको रकम




accountabilitylab NEPAL

# फ्रन्टलाईनर्स भोईसेस



## गगन सिं सुनार

प्रमुख, लेकवेशी नगरपालिका, सुर्खेत

"भारत तथा आरो देश सँ हमरासभके नगरपालिकामे बहुते नागरिकसभ आएल छैथ । ओईमेसँ दक्ष जनशक्तिके हमसभ स्थानियस्तरेमे उपयोग कर सकलौ त, नगरपालिकाके जरुरत परिपुर्ति हेतै । तै के बावजुद हमारसभलग आर्थिक चुनौती त छैहे । विदेशसँ फिर्ता आएलसभके बड्का काम दलक बड्के हिस्साके जनशक्तिके काम दलक रोकके अवस्था नै छै । लेकिन, व्यवसायिक रुपमे खसी पालनके लेल केन्द्र सँ १ करोड् आ एत सँ १ करोड् रुपैया कलक २ करोड रुपैयाँ बजेट विनियोजन भेल छै । प्रधानमन्त्री आ मुख्यमन्त्री रोजगार कार्यक्रममे सेहो विदेश सँ फिर्ता आएलसभके प्राथमिकतामे राखब । लेकिन, दुःखके बात जे भारत सँ फिर्ता आएल नागरिकसभ एहन समयमे सेहो भारत मे जालक काम करके वातावरण बना देबपड्लै कहैत अबैछैथ । "

## शान्ती छन्त्याल

उप-प्रमुख, लेकवेशी नगरपालिका, सुर्खेत



"भारत तथा आरो देश सँ हमरासभके नगरपालिकामे बहुते नागरिकसभ आएल छैथ । ओईमेसँ दक्ष जनशक्तिके हमसभ स्थानियस्तरेमे उपयोग कर सकलौ त, नगरपालिकाके जरुरत परिपुर्ति हेतै । तै के बावजुद हमारसभलग आर्थिक चुनौती त छैहे । विदेशसँ फिर्ता आएलसभके बड्का काम दलक बड्के हिस्साके जनशक्तिके काम दलक रोकके अवस्था नै छै । लेकिन, व्यवसायिक रुपमे खसी पालनके लेल केन्द्र सँ १ करोड् आ एत सँ १ करोड् रुपैया कलक २ करोड रुपैयाँ बजेट विनियोजन भेल छै । प्रधानमन्त्री आ मुख्यमन्त्री रोजगार कार्यक्रममे सेहो विदेश सँ फिर्ता आएलसभके प्राथमिकतामे राखब । लेकिन, दुःखके बात जे भारत सँ फिर्ता आएल नागरिकसभ एहन समयमे सेहो भारत मे जालक काम करके वातावरण बना देबपड्लै कहैत अबैछैथ । "



## सर्मिला छत्कुली

अनमी, सलबास स्वास्थ्य चौकी, ज्वालामुखी - ६, धादिङ

"हमर नगरपालिकामे कोरोना भाइरसके कारण विदेशसँ फिर्ता आएल बहुते युवासभ अखन कृषि पेशा अपनेने छैथ । ऊसभ अपने देशमे कृषिये सँ किछ कल सकैछी, बाहर जाय नै परैछै तै के प्रमाण दलरहल छैथ । विदेशसँ फिर्ता आएल बहुते भाई बहिनसभ हमरासभके सम्पर्क मे आएल छैथ । कि करब ? केना करब ? कहिक सल्लाह मांगी रहल छैथ । तै के लेल हमसभ कृषि आ पशुपा( लनके लेल हमरसभके स्थानीय तह उपयुक्त भेल बात हुनकासभके कहने सेहो छी । बहुतोरास निर्धारित क्षेत्र अलग कलक कृषि कर्म करके लेल विदेश सँ आएल आ हुनकासभके परिवारके प्राथमिकता दलक काम कलरहल छी । "

सही सूचना

# नेपालमे मृत्युदर बढ़ैत

## कोभिड - १९ के कारण बहुते मृत्यु भेलमे नेपालके दश जिलासभ




उपरके रेखाचित्रमे कोभिड - १९ के कारण बहुते मृत्यु भेल नेपालके दश जिलासभके देखाएलगेल छै । कूल मृत्यु मे सँ समग्रमे अई जिलासभमे मात्रे मृत्यु होबवलाके संख्या करिब ६५ प्रतिशत रहल छै । जखन कि काठमाण्डौ उपत्यकाके तीन जिलासभ काठमाण्डौ, भक्तपुर आ ललितपुरमे मात्रे मृत्यु होबवलाके संख्या कुल संख्याके एक तिहाई छै । काठमाण्डौ उपत्यका आ उपर प्रस्तुत कएलगेल जिलासभ श्रोत सम्पन्न छै । लेकिन तैयो ई जिलासभमे मृत्युदर आ कोभिड - १९ के संक्रमण चिन्ताजनक छै । ई स्थितीके नियन्त्रण कर सरकारके योजना कि छै त ?

स्रोत: HEOC, MoHP, SitRep

**DISCLAIMER**

अई अंकमे समेटलगेल हल्ला, सवाल तथा सूचनासभ, बहुतोरास संस्था तथा व्यक्ति, नेपाल सरकार स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालय आ विश्व स्वास्थ्य संगठनके वेबसाईट, सामाजिक सञ्जाल, ७ टा प्रदेशमे रहल कम्युनिटी फ्रन्टलाईनर्स आ सिभिक एक्सन टिम विगत एक सप्ताहमे बहुतो आदमीसभसंगेके प्रत्यक्ष तथा अप्रत्यक्ष संवादसँ संकलन कएलगेल छै । विषयके महत्व, सान्दर्भिकता आ तीव्रताके ध्यान दलक हल्ला, सवाल तथा जिज्ञासासभ छनौट कएलगेल छै । अई अंकमे समेटलगेल जानकारी बुलेटिन प्रकाशित भेल मिति तक सत्य छै ।

**Coronavirus CivActs Campaign** is brought to you by **Accountability Lab Nepal**.

accountabilitylab communities

@CivicActionTeams @civacts @CivActs

CivActs | Email: civactsnp@accountabilitylab.org | Phone: 9851203219